ДэнэкІи щыщІагъэхуабжьэ

2-нэ нап.

ЩІэблэр фІым хуэзыунэтІхэр

2-нэ нап.

Жэпуэгъуэм къытхуихьахэр

3-нэ нап.

Къуэшырокъуэр ящыгъупщэркъым

4-нэ нап.

ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№122 (24.560) • 2023 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 12, махуэку • Тхьэмахуэм щэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ

Псэ жыгхэр гъащІэм и нэщэнэу

4-нэ нап.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі эм къызэритамкІэ



ЗыгъэпсэхупІэхэм зауж

Видеоконференц щІыкІэм тету УФ-м и Президентым и полномочнэ лЫкІуэу КИФШІ-м щыІэ Чайкэ Юрий иригъэкІуэкІа Советым и зэІущІэм хэтащ КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек. Абы щытепсэлъыхьащ Кавказ Ищхъэрэм 2035 гъэ пщІондэ зэрызиужьыну ягъэпсахэр къазэрехьулІэмрэ гъэзгу шынагъуэншагъэр къызэгъэпэща зэрыхъумрэ.

ЗЭІУЩІЭМ хэтащ УФ-м экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министрым и къуэдзэ Назаров Сергей, Кавказ. РФ-м и генеральнэ унафэщІ Юмшанов Андрей, «Ространснадзор»-м и щІыналъэ управленэу КИФШІ-м щыІэм и унафэщІ Кравцов Дмитрий, хэгъэгухэм я Іэтащхьэхэмрэ хабзэхъумэ ІэнатІэхэм я нэхъыщхьэхэмрэ.

КъулыкъущІэхэм къыхагъэщащ къэралым и турист зыгъэпсэхупІэу 10-м ящыщу 6-р Кавказ Ищхъэрэм зэрырщыІэр. Апхуэдэу Ищхъэмахуэ лъапІ. Абы эколъагъуэхэр, нэгъуэщІ зыгъэпсэхупІэ щІыпІэхэр щыщІынырт, турист нэхъыбэ къешэлІэныр ди хэгъэгум и кІалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ. ИкІи абы жыдэжру толажьэ ди унафэщІхэр. Бжьыхьэр къызэрихьэрэ зыгъэпсэхуакІуэ мин 20 хуэдиз эко-лъагъуэхэм ирикІуащ. Іуащхьэмахуэ лъапэ щылажьэ гидхэр илъэс 15 лъандэрэ зэжьа лъагъуэхэм зэрырщыгуфІыкІар жаІащ.

2023 - 2024 гъэхэм ди республикэм сом мелуан 755,8-рэ кІыхуаутІыпщынущ. АбыкІэ кемпингхэр, хьэщІэщ зэхэтхэр, хьэщІэщ пщІантІэхэр, эко-паркхэр, зыгъэпсэхупІэхэр ящыІыну я мурадщ. Апхуэдэ щІыпІэу 51-рэ яухуэнущ, абыхэм пэш 582-рэ яІэнущ. ХьэщІэщхэр щащІынущ Налшык къалэм, Прохладнэ, Дзэлыкъуэ, Іуащхьэмахуэ, Шэрэдж, Шэджэм, Ауан районхэм.

Илъэс псом лажьэ зыгъэпсэхупІэр зэрырагъэфІакІуэрэ щІыналъэ гъэугъэм щызекІуэр нэхъыбэ хъуащ. Абы шынагъуэншагъэр къыщыдзэгъэпэща зэрыхъум тепсэлъыхьащ КЪБР-м къэрал кІуэцІ ІуэхугъэмкІэ министру щыІэ Павлов Василий. «Кавказ» гъэугъу управленэм Къэбэрдей-Балъкъэрым лэжьыгъэшхуэ щрагъэкІуэкІ федеральнэ гъэзэгугъбгъуэхэмрэ зыхуей хуэгъэзэным, нэхъ бгъуэ щыным теухуауэ. Абы и фЫыгъэкІэ гъэугу-автомобиль къэхъуакъащІэхэр иужьрей илъэси 4-м хуэдизкІэ нэхъ мащІэ хъуащ. А Іуэхум иджыри йолэжь.

Террорым зэрыпэщІэт Іэмалхэр

КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек хэтащ Урысей ФСБ-м и унафэщІ, Террорым пэщІэтыныжьмкІэ лъэпкъ комитетым и тхьэмадэ Бортников Александр видеоконференц жыпхъэм иту иригъэкІуэкІа зэІущІэм. Абы щытепсэлъыхьащ терроризмэм дихьэхынкІэ хъуну, неонацизм гупсысэхэр зиІэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щІыналъэм щыпсэуэр Іуэху мыщхьэпэхэм япэІэщІэ щІыныжьмкІэ иригъэкІуэкІыну лэжьыгъэхэм.

ЗЭІУЩІЭМ хэтащ Терроризм пэщІэтыныжьмкІэ комитетым щыщхэр, УФ-м и прокурор нэхъыщхьэ Краснов Игорь, Урысейм и Президентым и полномочнэ лЫкІуэу федеральнэ щІыналъэхэм щыІэхэр, терроризм пэщІэтыныжьмкІэ хэгъэгу комисиэхэм я унафэщІхэр.

Терроризм пэщІэтыныжьмкІэ лъэпкъ комитетым и тхьэмадэм кІыхьи щащІащ дунейпсо щІэпхъэджащІэ зэгухьэныгъэхэр щІыналъэм жыдэжру зэрыщылажьэр. КъухьапІэмкІэ щыІэ ІэнатІэ щхьэхуэхэр Кавказ Ищхъэрэм и социально-политикэ щытыкІэр къагъэтІэсхъэным хущІокъу. 2022 гъэм щегъэжьауэ террор щІэпхъэджагъэу 37-рэ кІыхьэпаудащ. Ахэр ягъэхьэзырат ди къэралым хабзэм кІыщІемызэгъэныр къалъытэ «ИГИЛ» дунейпсо зэгухьэныгъэм, Украинэм щыІэ ІэнатІэ щэхухэм ягъэлажьэ щІыхуэмрэ неонацист зэгухьэныгъэхэмрэ.

Иджыпсту щыІэ шынагъуэ щытыкІэхэр къалъытауэ къэрал кІулыкъущІапІэхэмрэ щІыпІэ самоуправленэхэмрэ терроризм пэщІэтыныжьмкІэ комиссэр я дэЕпыкъуэгъуу, щыхухэр щІэпхъэджагъэ Іуэхухэм хамышэным хуэунэтІа лэжьыгъэ пыухыкІахэр ирагъэкІуэкІ.

ЗэІущІэм кърикІуам ипкъ иткІэ, терроризм пэщІэтыныжьмкІэ къэрал кІулыкъущІапІэхэм ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэр егъэфІэкІуэныжьмкІэ унафэ щхьэхуэхэр къащтащ.

ТекІуэныгъэм и Бэракъ нэхъ ин дыдэр къэсащ

«Непокорённые» дунейпсо Іуэхум хьэу, дыгъуасэ Налшык къалэм Зэгурыуныгъэм и утым щыубгъуащ ТекІуэныгъэм и Бэракъ нэхъ ин дыдэр.

Ар иращІыпІащ Сталинградрэ Кавказымрэ хуит къащІыжьын папщІэ ирагъэкІуэкІа зауэхэр зэриухрэ илъэс 80 зэрырикъум. КъызэгъэпэщакІуэхэм Іуэхур зытращІыхьыр Хэку зауэшхуэм хэтахэм я фэеплЪыр уахътынщэ щІыныжьрэ лъэпкъ зэхущытыкІэхэрэ щІыхубэм я зэгурыІуэныгъэмрэ егъэфІэкІуэныжьмрэщ.

ТекІуэныгъэм и Бэракъыр совет цІыхубэр нэмыщІ зэрыпхъуакІуэхэм зэрытекІуам и щыхьэтщ, ар Урысейм пщІэшхуэ зыхуищІ Іуэхугъуэхэм ящыщщ.

ИлъэС 80 и пэкІэ, жэпуэгъуэм и 9-м, зэтракъутат Кавказым къебгъэрыкІуа бийр. Ар, зэратехьащи, нэхъ кІыхь дыдэу екІуэкІа зэхэуэхэм (махуэ 442-кІэ) ящыщт.

ТекІуэныгъэм и Бэракъ нэхъ ин дыдэр Дзэ щІыхьым и кІалэ Налшык щыуфэбгъуным нэхъыжьхэри нэхъщІэхэри зэхащІащ. Ахэр зауэм теухуа уэрэдхэм щІэдэІуащ. Хэкум папщІэ зи псэ зытахэм дакъикъэкІэ яхуэщыгъуащ. А Іуэхум нэгъабэ Урысейм и щІыналъэ 36-м щыщ щІалэгъуалэ хэтащ, мы гъэм ар щокІуэкІ Волгоград, Элиста, Грознэ, Магас, Владикавказ, Налшык, Пятигорск, Домбай.

Ветеранхэм я «Боевое братство» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ къудамэм и унафэщІ Джылахъстэн Барэсбий къыщхъуэсахэм фІыщІэ яхуищІащ а махуэм апхуэдэ гулъытэ зэрыхуащІым папщІэ. «Кавказыр хуит къащІыжьыным куэдкІэ елъытауэ щытащ Хэку зауэшхуэр зэриухрэ зыгъэпсэхупІэ къунар. Абы и мы-хьэнэр инщ. Аущ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, абы я щхьэ халъхьащ ди цІыху мин 276-м, - къыхигъэщащ Барэсбий. - Тхыдэм щыщ хъужа Іуэхугъэ гуузщ, дыщогугъ ахэр фщІэуэ, зы щІэблэм адрейм хуиІуатэу екІуэкІыну. Ди зэманми ІкІунэхуныгъэ мымащІэ щыІэщ, абы кІыхьэкІыу зыщыщгъэгъупщэ хъунукъым дызэкъуэувэн, сыт щыгъуи дызэкъуэтын зэрыхуейр».

Урыс тхыдэмрэ щэнхабзэмкІэ «Вече» зэгухьэныгъэм и унафэщІ Литвинов Роман щІалэгъуалэм яхутепсэлъыхьащ ТекІуэныгъэм и Бэракъым и мыхьэнэр щІэныным, бийр зэрыхагъэщІар дуней псом къаригъащІэу нэмыщІм я Рейхстагым ар уардэу щыхуарзэу зэрыфІэлъам. «А Іуэхугъуэхэм я щІыхьэту щыта ди лЫкъужьхэр, ди жагъуэ зэрыхъунщи, кІуэ пэтми нэхъ мащІэ мэхъу. Ауэ Урысейм и цІыхубэр дрипагэн хуейщ зауэ лыгъэм пхьикІыу лЫгъэ зеэзыкъаем къэтхуащІам. Ди къару псори зыхуэдунэтІыпхъэр ди зэманым мамырыгъэр тхъумэнырщ. Аращ ди къэралым и Президентым дзэ Іуэху хэхар иригъэкІуэкІыныр къыщІыхилъхьар - ар зыхуэунэтІар аргуэру къызэщІэуэшэжа фашизмэр гъэкІуэдыныр щІ. Зи тхьидэр зыхъумэфым адэкІи зэрызиужьын Іэмалхэр нэхъыбэу иІэнуцІ», - жиІащ Литвиновым.

- Мы Іуэхум хэт дэтхэнэми фІыщІэ хуэсщІыну сыхуейщ, сыту жыпІэмэ зауэ гуащІэхэм хэтахэм я закъуэкъым пщІэ зыхуэтщІыр. Нобэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, ди щІалэхэм аргуэру лЫы ягъэжэн хуей мэхъу, ди цІыхухэр, ди щІыпІэхэр ихьумэн папщІэ. Нобэ хуэдэ махуэм иджыри зэ дигу къеГъэкІыж зэкъуэтыныгъэм мыхьэнэшхуэ зэриІэр, - къыхигъэщащ Скадовск муниципальнэ округым и дзэ-гражданскэ администрацэм и лэжьакІуэ Ляшенкэ Наталье.

Сабийхэмрэ щІалэгъуалэмрэ я «Движение первых» урысейпсо жылагъуэ зэщхьеныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ къудамэм и советым и унафэщІ Шыпш Аслъэн жиІащ лЫхъужьхэм я щІэблэм зэи зыщагъэгъупщэ зэрымыхъунур тхьидэм и пэжыр. «Нобэ, дызэрыгушхуэнщи, диІащ Юнармием хэт ныбжьыщІэ цІыкІуэр, «Движение первых» зэгугъэныгъэм, «Непокорённые» Іуэхум зэриШэлІаХэр. ЩІыналъэ зэхуэмыдэхэр, къэрал зэмылІэужьыгъуэхэр зэакъылэгъуу мы Іуэхум зэкъуигъэуващ, тхьидэр щІэблэм егъэщІэн гупсысэр яІэу. Къэрал нэхъ лъэрызехьэ дыдэм дз дыщопсэу, икІи иджыпсту ди къалэныр, зэрыжьаІащи, дызэкъуэувэнращ. Дызэкъуэтмэ, куэд тхуэзфІэкІынущ», - жиІащ ШыпшыМ.

«Непокорённые» Іуэхум и унафэщІ, Дунейпсо Ломоносов клубыр къызэзыгъэпэща Скрипниченкэ Владимир жиІащ: «Нобэ дуней псом щынэхъ и дыдэ Бэракъыр - ТекІуэныгъэм ейр - Къэбэрдей-Балъкъэрым къетхъэлІащ. Бэракъыр лъэпкъ гъэрым е дин щхьэхуэм хуэхэкъым, сыту жыпІэмэ лъэпкъ куэду зэхэт ди Хэкум и хъумакІуэ дэтхэнэми и лъы ткІуэпс абы теткІуами ярейщ. Мы Бэракъыр зэкъуэшыгъэм, зэкъуэтныгъэм я дамыгъащ. Дропагэ ди щІэблэр хэту ар нобэ дуфэбгъуну Іэмал дызэриІэм. ФІыщІэ ин фхуэощІ», - жиІащ хьэщІэм.

«Журавли» уэрэд цІэрыІуэр къеуэу, Налшык къалэм и ут нэхъыщхьэм хуэфІу ТекІуэныгъэм и Бэракъыр щашэщІащ.

КЪАНЩАУЭ Мэлычыпхъ.

Гъуазджэм и мыхьэнэр къалытэ

КЪБР-м и Парламентым и депутатхэр жэпуэгъуэм и 10-м яІущІащ Художествэхэмкіэ Урысей Академием и лЫкІуэхэм.

ХЬЭЩІЭХЭР Налшык къебгъэащ щІэныгъэ, егъэджэныгъэ Іуэхухэр, мастер-классхэр щрагъэкІуэкІэ, апхуэдэуи «Кавказ Ищхъэрэм и сурэтыщІхэм я лэжьыгъэхэм бзыльхугъэм и теплъэр къызэрыщыгъэлъэгъуар» зэхьэзэхуэм кърикІуар къызэщІакъуэжьи мурадкІэ.

Республикэм и хабзэубзыху орган нэхъыщхьэм щекІуэкІа зэІущІэм хэтащ Художествэхэмкіэ Урысей Академием (РАХ) и вице-президент, академик **Кочемасовэ Татьянэ**, РАХ-м и щІэныгъэ-къэхутакІуэ институтым и унафэщІ, академик **Ступин Сергей**, Урысейм и сурэтыщІхэм я зэгухьэныгъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щиІэ къудамэм и унафэщІ **Къанькъуэ Жаннэ**.

КЪБР-м и Парламентым и Унафэщі **Егоровэ Татьянэ** хьэщІэхэм фІэхъус яриха нэужь, кІыхьигъэщащ къэралым цІыху зэчиифІэхэр къыщІэхъуэным, пщэнкъабзэм зегъэужьыным мыхьэнэшхуэ зэрыритыр. Абы и щапхъэу Егоровэм кІыхьащ УФ-м и Президентым и унафэкІэ, «Урысейм пщэнкъ хабзэхэмрэ хъугъуэфІыгъуэхэмрэ щыхъумэнымрэ къэгъэщІэрэгъэщІэжьынымрэ ятеухуауэ къэралыр зэлэжьыпхъэхэр» къызэращтар.

- Ди къэралым кІалэн нэхъыщхьэу зыхуигъэувыжхэм ящыщщ щІэблэр гъуазджэм дегъэхьэхьиныр, хуегъэджэныр. Аращ зытещІыхьар 2030 гъэ пщІондэ сабийхэм щІэныгъэ гъэдэсн зэрыратынум трагъэпсыхьа лэжьыгъэр. Абы къыхэкІыу нобэ хьэщІэхэр фыкъызэрытхуеблэгъам мыхьэнэшхуэ иІэу къыдолъытэ, - жиІащ Егоровэм. - ЗэрытщІэщи, Художествэхэмкіэ Урысей Академиер щІыхум зиужьынымкІэ щІэныгъэшхуэ щигъуэт Іэхуущ Іапі эщ. Сыщогугъ ди зэхуэзэм ди лъэпкъ щэнхабзэ зэхущытыкІэхэр иригъэфІэкІуэну, уэрэджэмэ ящыІэ егъэджэныгъэм ди республикэм нэхъри зыщиужьыным ар сэбэп хуэхъуну.

Егоровэ Татьянэ кІыхигъэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрым зэримымащІэр ди къэралми нэгъуэщІ щІыпІэхэми я Іэдакъэщ Іэкі эмкіэ щІэрыІуэ щыхъуа сурэтыщІхэр. Абы я щІэ кІыриІуащ Сэмэкуий Хьэмид, Щрым Руслан, Пащты Герман, Пащты-Хъан Алим, КІыщ Мухьэдин сымэ. Апхуэдэуи Егоровэм жиІащ адыгэ къуэпсэр зэриІэм зэпымыууэ ирипагэ Шемякин Михаил и цІэр зезыхьэ художественнэ класс Налшык къалэм дэт «ДыгъафІэ къалэ» сабий академием къызэрыщызэІуахар.

- КЪБР-м и Парламентым и депутатхэр сыт щыгъуи ди гуапэу щІэгъэкъуэн дыхьэфынущ Художествэхэмкіэ Урысей Академием къыхилъхьэ щІэныгъэ, егъэджэныгъэ, щэнхабзэ Іэзыхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым гъэзэщІа щыхъунымкІэ, - пищащ къэпсэлъам. - Къыхэзгъэщынут, республикэм и хабзэубзыху Іэзыхэр Іапі эм зэи лъэныкъуэ зэрыримыгъэзыр щэнхабзэмрэ гъуазджэмэр епха Іэзыхэр. Псалъэм папщІэ, иджыблагъэ ди комитетхэм ирагъэкІуэкІа зэІущІэм щытепсэлъыхьащ зи гугъу тщІым ехьэлІауэ сабийхэм ягъуэт щІэныгъэ гуэдзэным адэкІи зэрызедгъэужьыну Іэмалхэм. Бжьыхьэ лэжьэгъуэм къриубыдэу ди мурадщ КЪБР-м и Парламентым Щэнхабзэмкіэ, граждан жылагъуэм зегъэужьыныр хъыбарегъащІэ политикэмкІэ и комитетымрэ КЪБР-м и Сурэтыщ Іэм я зэгухьэныгъэмрэ зэгъусэу зы Іуэхугъуэ къызэдгъэпэщыну. Гугъуехь зэдэщымыІэ щыІэкъым, гъуазджэм епхауэ щІэныгъэ зэрагъуэтым епхаэкри, дауи, щыІщ. Ауэ, си гугъэмкІэ, абыхэми фытепсэлъыхьыну Іэмал фІэнэщ республикэм фыщІэху. Дыхуейт зэфІэкІрэ зэчиифэ зыкъуэлъ ди щІалэгъуалэм хуэфащэ щІэныгъэ ди къэралым и еджапІэ нэхъыфІ дыдэхэм щагъуэтыну. Ар, сызэреплъыкІэ, къытхуэзгъэпэщынущ егъэджэныгъэ Іэзыхущ Іапі эм зэгурыІуэныгъэ етщІылІэу. Абы и лъэныкъуэкІэ сэбэпыщхэ къытхуэхъунут Художествэхэмкіэ Урысей Академиер.

Кочемасовэ Татьянэ депутатхэм фІыщІэ яхуищІащ къызэрырагъэблэгъам, щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ гулъытэ зэрыхуащІым папщІэ.

- Художествэхэмкіэ Урысей Академием и президент Церетели Зураб и сэлам гуапэр фызохьк. Абы Кавказ Ищхъэрэм и сурэтыщІхэм гулъытэ хэха яхуещІ, икІи сыт щыгъуи къыхегъэщ лъэпкъ щэнхабзэмрэ гъуазджэмкІэ щІыналъэм лъабжьэшхуэ зэриІэр, - жиІащ хьэщІэм. - Пэжыр жыпІэмэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и гуазджэр адрейхэм куэдкІэ къахощ. Сыт и уасэ КЪБР-м и Парламентым и Унэм и блым Сэвкіуий Хьэмид и лэжьыгъэ фІэлъыр нобэ тлъэгъуну Іэмал дыззриІар! Фи республикэм ягъабэ щедгъэжьа мы Іуэхум зиубгъуащ икІи мы гъэм абы къыхихьащ Кавказ Ищхъэрэ псом и сурэтыщІхэр. Ар екъулІэныгъэфІу къызолъытэ.

Кочемасовэм кІыхигъэщащ сурэтыщІ гъуазджэм щыхуагъаэсэ лъэщапІэхэр къызэІухьыным зэрегупсысыпхъэр. Апхуэдэуи абы зэІущІэм хэтхэр щигъэгъуэзащ Художествэхэмкіэ Урысей Академиер 2024 гъэм илъэс 300 зэрырикъунум.

КЪБР-м и Сурэтыщ Іэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщІ Къаныкъуэ Жаннэ хьэщІэхэм къыхуащІа гулъытэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и илъэси 100-р щигъэлъапІэм Москва къыщызэрагъэпэща гъэпсыгъуэныгъэр зэрыхьэІухьыным я гуащІэ къызэрыхалъхьамрэ папщІэ фІыщІэ яхуищІащ.

Ступин Сергей жиІащ къызытекІухьа Іуэхум и жэрдэмщІакІуэхэр псом япэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и художникхэр зэрыарар: КІыщ Мухьэдин, Щрым Руслан, ГъущІапащ Арсен сымэ.

Петров Константини къыщыпсалъэм республикэ унафэщІхэм, КЪБР-м и Парламентым фІыщІэ яхуищІащ, апхуэдэуи къыхигъэщащ нэхъапэми ди щІыналъэм зэрыщыІар икІи сурэтыщІ Акъсырэ Муіэд и ныбжьэгъуу, абы и унагъуэри ицІыхуу зэрыщытар.

ЛЫкІуэхэр зэІущІэм щытепсэлъыхьащ сурэтыщІ ныбжьыщІэхэм зэрадэІэпыкъу щІыкІэм, кІалэшхуэхэм щІэныгъэ щызэрагъэгъуэта ирехъу, аэр я щІыналъэм ягъэзэжьынымкІэ Іэмалхэр егъэгъуэтыным, нэгъуэщІхэми.

БАГЪЭТЫР Луиз.

Ди къуэш республикэхэм

Дыщэ медалрэ дипломрэ къратащ

АДЫГЕЙ. **Урысей Федерацэм Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствам и дышэ медалрэ дипломрэ Мейкъуапэ районым къыщыхуагъэфэщащ «Къуажэ агломерацэм лъэныкъуэ псомкІи зэдзэуэ зегъэужьыным щызыІэрагъэхьа екъулІэныгъэхэм папщІэ» унэтІыныгъэм.**

ДАМЫГЪЭХЭР къыщратащ Москва щекІуэкІа «Бжьыхьэ дыщафэ-2023» 25-нэ Урысей агропромышленнэ гъэлэгъуэныгъэм хьыхьэу.

Мейкъуапэ район администрацэм къызэритымкІэ, республикэм и унафэщІхэм даІыгъуу муниципалитетыр илъэс зыбжанэ хъуауэ жыдэжру хэтщ УФ-м Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм «Къуажэ щІыналъэхэм комплекснэу зегъэужьыным» и къэрал программэм.

Черкесск зышэну мафІэгухэр

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. **Зыплъыхьакіуэ екъэзэм я дежкІэ тыншыгъуэ псори зиІэ мафІэгухэр Ростов областымрэ Краснодар краймрэ икІыу Къэрэшей-Шэрджэсым кІуэуэ зэтраублэнущ щэкІуэгъуэм щегъэжьауэ. Иджы щыщІэдзауэ абыхэм я билетхэр ещэ «РЖД» ОАО-м.**

ЩЭКІУЭГЪУЭМ и 24-мрэ дыгъэгъазэм и 8-мрэ «Домбай щыдГъакІуэ зыгъэпсэхугъуэ махуэхэр» мафІэгур Дон Іус Ростов икІынущ. Абы зыплъыхьакІуэхэр Къэрэшей-Шэджэсым и щыхьэр Черкесск къалэм ишэнущ. Махуитікіэ республикэм щыхъэщІнухэм зыщалъхьыхьынущ Домбай, Архъыз курорт щІэрыІуэхэм я щІыналъэ нэхъ дахэхэм.

Абы къыдэкІуэу апхуэдэ мафІэгухэр Адыгейми кІуэнущ.

Фигу къэдгъэкІыжынщи, зи гугъу тщІы мафІэгухэм цІыхухэм зыщагъэпсэхун папщІэ хэтщ СВ, вагон-ресторан, псы зыдэгъэжэхпІэ. Уасэм хохьэ абы щрагъэщІыну пщэдджыжьышхэри.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и комитетхэм хэтхэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Регламентым и 22-нэ статьям ипкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым унафэ ещІ:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутат Миронкин Алексей Николай и кІуэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Щэнхабзэмкіэ, граждан жылагъуэм зегъэужьыныжкіэ, информацэ политикэмкіэ и комитетымрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Лжэныгъэмкіэ, социальэ политикэмкіэ, узыншагъэр хъумэныжкіэ и комитетымрэ хэгъэхьэн.

2. Мы Унафэм кІары егъуэт кІыщыщата махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2023 гъэм жэпуэгъуэм и 3-м
№747-П-П

ЩІэблэр фІым хуэзыунэтІхэр

Хабзэ хъуауэ, ди къэралым щокІуэкІ курыт школхэм щеджэ сабийхэм я класс унафэщІхэрэ ныбжьыщІхэм я унэтІакІуэхэмрэ я зэхуэс инхэр. Тхьэмахуэ блэкІам къриубыдэу Москва къыщыщэрагъэпэщащ мыгъэрей апхуэдэ зэхыхьэ иныр. 2023 гъэм форумым хэтащ егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэм школхэм, курыт щІэныгъэрэ Іэщ-щІагъэр щрагъэгъуэт Іуэхущапіэхэм щыпэрыт Іэщ-щІагъэлІ мини 3-м щІигъу. Ар хъуащ ЕгъэджакІуэмрэ унэтІакІуэмрэ я илъэсым къыхуэзрагъэпэща Іуэхуэгъуэ нэхъ ин дыдэхэм ящыщ.

КЛАСС унафэщІхэмрэ унэтІакІуэхэмрэ я Ещанэ Урысейпсо зэхуэсыр Іуэхугъуэ зэмыпІуужьыгъуэ хьэлэмэт куэдкІэ гъэнщІагъуэ екІуэкІащ. Абы хэтащ егъэджэныгъэ купщІафІэхэр, щэнхабзэ Іуэхугъуэхэр, щылэжьащ щІэблэм я ущиякІуэхэм я епІыкІэхэр, Іуэху зехьэкІэ мардэхэр наІуэ къыщащІ зэпсэльапІэ хуитхэр. А лэжьыгъэ хьэлэмэтхэм хэтыну Іэмал яІащ класс унафэщІхэу пэщІдзэ, курыт школхэм щылажьэхэм, апхуэдэуи мы гъэм къыщыщІэдзауэ форумым япэу хэтэу аращ курыт щІэныгъэрэ Іэщ-щІагъэрэ ныбжьыщІэхэм щрагъэгъуэт лицейхэм, колледжхэм, техникумхэм щІэс студент гупэжм я унафэщІхэр, практикэ лжьыгъэхэмкІэ абыхэм я унэтІакІуэхэр. Ахэр къикІащ Урысей Федерацэм и щІыналъэ 89-м, щІэуэ къэралым къыхыхьахэри яхэту. Къынэмыщ1ауэ, форумым лжьыгъэшхуэ къыщрахьэлащ волонтёр кІалэнхэр абы щызыгъэзэщІа егъэджакІуэ 300-м щІигъуми.

Гъатхэ кІуам къыщыщІэдзауэ ди къэралым и дзэ щІыпІи щекІуэкІащ абы хэтынухэр къыщыхьах лэжьыгъэхэр. Къэралпсо зэхуэсым и утыку ихьэну гукъыдэж зиІэхэр псори зэхэту цІыху мин 60-м щІигъуати, Москва ирагъэблагъар фІым я фІыжьхэу къалъыта цІыху мини 3-рщ. Ди гуапэ зэрыхъыщи, абыхэм яхэхуащ ди республикэм щыщу цІыху 15.

- Урысейпсо зэхуэсым дыхэтын папщІэ, дэфтэр хэхаэр дгъэхьэзырын хуейт. Я1папщІкІэ зэдгъэпэщащ класс унафэщІ къэс езымэр я лжьыгъэмрэ я1ехуэ хъыбархэр зэрыт тхылтыр. КъыкІэлъыкІуэу дыхэтащ «Мыхьэнэшхэу зиІэ псальэмакъ» фІэщыщІэр зиІа текст лжьыгъэм. Апхуэдэуи педагогикэмкІэ дбгъэдэлъ щІэныгъэр къэзыгъэльагъуэ къызэрапщытэ лжьыгъэм дгъэзэщІащ, «Сэ гъэсэныгъэм хэслъхьэ жэрдэмыр» видеороликри дгъэхьэзыращ, - жеІэ Къэралпсо зэхуэсым хэта. ЩЫхьэлкъуэ къуажэм дэт курыт школ №2-м пэщІдзэ классэр щезыгъаджэ Хъутат Миланэ. - Апхуэдэ щІыкІэкІэ ди Іуэху зехьэкІэ мардэхэр наІуэ тщІа нэужь, дз дахэхуащ Урысейпсо зэхуэсым хэтыну Москва ирагъэблагъахэм.

Классэ унафэщІхэмрэ ныбжьыщІэхэм я унэтІакІуэхэмрэ зыхэта Урысейпсо зэхуэс иныр Іыхьитіу зещхьэщыхьауэ екІуэкІащ. Жэпуэгъуэм и 3 - 5-хэм зэІущІащ пэщІдзэ классхэм я унафэщІхэр, зи узыншагъэм сэкъат иІэ сабий гупхэм, кущІ-щІэныгъэрэ Іэщ-щІагъэрэ ныбжьыщІэхэм щрагъэгъуэт еджапІэхэм я куратархэр. КъыкІэлъыкІуэу, жэпуэгъуэм и 5 – 7-хэм, екІуэкІащ 5 - 11-нэ классхэм щеджэхэм я унафэщІхэм я зэхуэсыр.

Ди республикэм щыщ класс унафэщІхэри ныбжьыщІэхэм я унэтІакІуэхэри жьыджэру хэтащ зэхуэсыщхъуэм къыщыщІэрагъэпэща Іуэхугъуэ куэдым. Абы хэмтяхтщ зэІущІэм и утыкуэкъыщІпсэльаэхэри, зи Іуэху зехьэкІэ мардэхэмкІэ зыщыщІ гупхэм ядэгъуэшахэри.

- Къэралпсо зэхуэсыр Іэмалыбгъ дыдэ хъуащ щІэблэр гъэсэныр, ар ущиным епхауэ Іэщ-щІагъэлІ пашэхэм яІэ епльыкІэхэмкІэ зэдзэгъуэшныкІэ, - пещэ и псальэм Миланэ. - Утыкуэхэм, щэч хэмылъу, сабэпынагъ зыпылъ лжьыгъэфІ щекІуэкІащ. Зэрыкіуар зыхэдмыщІэу, псынщІэу блэльэтащ абы дызэрыхэта тхьэмахуэр. ДымыщІэ куэд къэтщІащ, цІыху куэди зэдгъэщІыхуащ, ди лжьыгъэм хэлъ щхьэхуэныгъэхэмкІэ дызэчэнджэщащ, дызэдзгъуэщащ. Къэдгуфеят щІэныгъэщІэхэм ящыщ куэд, дауи, ди лжьыгъэм къыщыдгъэсэбэныщу дгъэпэкІа.

Урысейпсо зэхуэс иным хэта псори жэпуэгъуэм и 5-м, ЕгъэджакІуэм и дунейпсо махуэм, ирагъэблагъащ Къэрал Кремль Уардэнэм абыхэм папщІэ къыщызэрагъэпэща концертышхуэм. ПщІэ къыхуащІу абыхэм хъуэхъу псальэкІэ зыкъыхуагъэзащ цІыхухэм щІэныгъэ егъэзыгъэпІн Іэнатіэм и упщІэ, ди къэралым и ныбжьыщІэхэм я тхыцІэ цІыкІухэм ерагъыу къыхэбелджьылыкІыу хуежьащ.

Урысей Іуэхущапіэхэм я мурадщ къэкІуэну ильэсхэм гупльитэ хэха хуащІыну техникумхэмрэ колледжхэмрэ къыщІагъэкІхэр лжьыгъэ Іэнатіэ ешлэнЫм.

ІЭМЭПСЫМЭХЭМ, гъущІэхкІхэм, нэгъуэщІхэми елажь Іэщ1агъэлІхэм я Іуэхутхьэбзэхэм щІэупщІэ яГъуэтащ нэгъуэщІ къэралхэм кърашыр дыдейхэмкІэ зрегъэкъуэкІыным жьыджэру иужь зэрихьэрэ. Апхуэдэу лжьэн щІэзыдзэгъащІэхэр ирагъэблагъэ хьэпшыпхэр, дзэ Іуэхум епхахэр, нэгъуэщІхэри къыщыщІагъэкІ Іэнатіэхэм, щыІуэпс фІыгъуэхэр къыщыщІахэм.

«ЦІыхур и Іэкіэ зэлэжь Іуэхутхьэбзэхэм иужьрей зэманым щІэупщІэ яІэ хъуащ. 2023 гъэм и япэ мазищым и закъуэ промышленностым щылэжьэнухэр къызэралыдхъуэм тІупІэ хъуащ (процент 97-кІэ). Іэмэпсымэхэр зыщІхэм яІэ щІэупщІэм хуэдищкІэ хэхъуащ, токархэм - тІупІэ, станокым бгъэдэтхэм - 1,3-кІэ, инженерхэм - 1,2-кІэ», - жеІэ «Авито Работа» платформэм зегъэужьыныжкІэ и унафэщІ Пучков Дмитрий.

Абы къыззригъэльагъэмкІэ, ерыскъыхэкІхэмкІэ Іэнатіэр щІакхъуэгъажьхэхэм я закъуэкъым зыхуэныкъуэр, атІэ пщэфІым хуэгъэхьэзыр щыкІыжьыгъэр (полуфабрикатхэр) къыщІэзыгъэкІэжми апхуэдэхэр щахъумэ щыІалъэхэр зыгъэзывхэми мэлъыхьуэ. Машинэухуэ Іэнатіэрэ лжьакІуэхэм мэлъыхьэр. Ухуэныгъэ и лъэныкъуэкІэ щІэупщІэ яІэщ проектхэр зэхэзыгъэувэ инженерхэм, пкъыгъуэ зэмылІэужьыгъуэхэр зэпкърызылъхьэхэм, 3D моделкІэ унэхэмрэ ухуэныгъэхэмрэ къэзыгупсысхэм. Коммуналнэ Іэнатіэм и гугъу пщІымэ, абдеж нэхъ яхуримыкъыр котельнэм и операторыр лжьэфыныщ. Къыщыхэмыщ1ауэ, зэпэубыдащ гъущІ зыгъаевхэр, Іэмэпсымэхэм зэпкърызылъхьэхэр, ахэр зыгъэувхэр, сантехникхэр.

Іэщ1агъэлІхэр зэрагъэхьэзырыр

Мы зэманым Іуэхущапіэ инхэр колледжхэмрэ техникумхэмрэ яДэлажьэкІэрэ, пасэу иужь йохьэ Іэщ1агъэлІхэр яГъэхьэзырыным. Студентхэр зэреджэм хуэдэу, зэрылажьэм Іэмал къарет я Іэщ1агъэм нэхъыфІу хащІыкІыным. Апхуэдэ Іуэху бгъэдыхьэкІэм Іэщ1агъэлІхэр гъэхьэзырыным текІуадэ зэманыр егъэмащІэ.

«ЕджапІэ нэхъыщхьэхэмрэ колледжхэмрэ къэзыуэхэм лжьыгъэ Іэнатіэ нэхъ щІэх щІэх къагъуэт зэрыхуэм я фІыгъэкІэ. ПщэдджыжькъэС, мардэ сэхуэхуауэ, мыбдеж сыкъокІуэри, щыкъун яхуухьэпхъэ. Езыхэри яхъэзсащ, си Іэр псым зэрыхэсшиеу, гъунэгъуу къосылІэри, ахэр зэщІащІпэ, - жиІащ псы Іуфэм пэмыжьыжьу щыпсэу икІи езым ифІэфІу абыхэм якІэлъыплъ ФатІимэ. КъызэрыщІэкІамкІэ, Сыбырым мыгувэу кІуэжьину цІыхубзыр абыхэм гъэмахуэ псом якІэлъыплъат, бзджьжьей щыр щІыкІуэхэр щигъашхэ псыІуэщІэ щІыкІэ нэгъунэ яхуищІауэ. Иджы игу кІуеуэрт ахэр къызэринэкІын зэрыхуейр...

А напІэзыпІэм псым къыхэпкІ зи ныбэр къуауэ фэ зыгет хъэндырькъакъуэ удзыфэшхэр. Абыи удэкІуэтэнт, дыгъэр нэхъ тридзэу псы Іуфэм Іулъ мывэшхуэм и кІапэ фІыцІафэр къедзыхарэ зэрыдзджауэ зы блэ мыин (псыблэзу къыщІэкІынт) къыкъэмыщтэмэ. Абы зыщІмыгъэхъеІм, дэри и Іуэху зетхуэжакъым, арщхьэкІэ, етІуанэу щытедгъэзэжам щыпльыжтэкъым - пІэнэтщІышхуэ зызыщІащІар бзэхьжат. КІэлъыплъакІуэм зэрыжиІэмкІэ, бдзэжьей цІыкІуэр абыхэми я шхыныгъэущ, зэкъуэхуауэ закъуэмэ...

Псыежэххэм бдзэжьейхэр ильэсым хуэзэу тІэу-щэ хаутІыпщьэнущ, а зэрыгаръжьа мардэм тету. КъыкІэлъыкІуэ пІалъэр зыхуэзэнгр гъатхэпэ - мэлыжьхьэ мазэхэрщ. «ПСы къабзэ» пэхуэщІэм хиубыдзу яГъэкъабзэ псыхэмрэ, абыхэм бдзэжьейхэр щыгъэбзэгъуэжьныр къэралым пщэрыльэ зыщищІа «Урысейм и Іуэху гъуэгу» Іуэхущапіэмэрэ я фІыгъэкІэ щІыпІэ Іуэхущапіэ щыуэсри нэхъ къабзэ щыхьауащ, а Іуэху щхьэпэм тепІажьэхэми я бжьыгъэм хэхъуэ зэпытщ. Ди щІынальэм щытІъагъуэращи, псыхэм бдзэжьейхэр куэдуэ хэс щыхъужакІэ, езы псыхэри къабзэщ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.



Зэбгъащ1эр Іэщ1агъэщи, умыщ1эр Іэщ1ыбщ

Къэралым и Президент Зеленскийрэ Владимирэ Украинэм и Парламентымрэ ирагъэблагъ. Абы къыхигъэщащ зэныкъуэныгъэхэр и кІэм зэрынэблагъэр. Абы къыхигъэщащ зэныкъуэкъыр щиухыну пІалъэр тегъэчыныхьауэ къызэрыхъумыгъэлъэгъуэнур, ауэ иджыпсту щыІэ щытыкІэм тепщІыхьмэ, а Іуэхур щызэхэкІыну зэманыр зэрымыкъыжьэжыр.

Апхуэдэу Зеленскэм жиІащ къэралым щекІуэкІ зэпэщІытныгъэхэм я кІэух Іыхьэр Украинэм дежкІэ нэхъ щынагъуэу зэрыщытынур, абы хухъэзыпыу, Іэщ1ажьи ахъшэкІи ирикъуу къызэрызэгъэпэщар.

«Къэрал куэд дэІэпыкъуэгъу къэтхъуэхуащ, къарзынэу зыкъытщІэзэгъэхуаэхэм ящыщщ Румыниери. Фи деж никІыу дэ къытІэрыкъыщ толпышэхэр

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищкъэрэ Жылагъуэ Іуэху

Жэпуэгъуэм къытхуихьахэр

***Мазэ къэс ди гъащІэм щІэ гуэрхэр къыхелъхьэ. ЗэблэкІыгъуэу щыт жэлуэгъуэри ахьажжьакъым. Сыт щІэзэблэкІыгъуэр? ЛъэмахуэкІ зыгъэпсэхугъуэхэр иухащІ, къулыкъушІапІэхэри яхэту Іуэхущ1апІэ-лъэщапІэхэм шэщІауэ лэжьэн щІадзэжащ, губгъуэхэм ГъавэмрэпхъэщІхьэмыщъхьэмрэ къыщрахьэлІэж, дунейм и теплъэм къуегъащІэ щІымахуэр зэрымыжьжьэкІыр. ЦІыхуухэм я гукъыдэжьм и гугъу пщІымэ, сомыр пуд дыдэ зэрыхъуам къарита гуэзвэгъуэр ящхьэщыкІа хуэдэщ. Хэбгъэзыхьмэ, зи Іуэху къикІахэри щыІэщ.**

Улахуэхэр

Ахэр псом япэу зауэлІхэмрэ къарузехьэ Іэнатіэхэм я лжьакІуэхэмрэщ. 2023 гъэм жэпуэгъуэм и 1-м кхъыщІэдзауэ абыхэм я улахуэхэм процент 10,5-кІэ хэхъущ. Е хуэдэ 1,105-кІэ. Урысей гвардием, МВД-м, ФСИН-м, ФССП-м, мафІэс къэмыгъэхъунымкІэ Іэнатіэм, таможнэм я лжьакІуэхэм, апхуэдэу фельдъегер связым и унафощІхэм къулыкъуКІэ яІэрыхьэхэми, я званиехэм пагъакІуэхэми заІэтынущ. Абы къыдэкІуэу мы гъэм и жэпуэгъуэм и 1-м нэхъ и ин хъуащ зауэлІхэм я пенсэхэр. Аращи, иджы щегъэжьауэ УФ-м ЗыхъуэжьаныгъэмкІэ и министерствэм къыбгъэдэкІ курыт пенсэхэр сом мин 42-м нысэрыхьэсащ.

Абыхэм я закъуэкъым зыхуэупсар. 2023 гъэм жэпуэгъуэм и 1-м хэхъущ къэрал къулыкъушІапІэхэм я лжьакІуэхэм я улахуэхэм. Зи гугъу тщІыр къэрал къулыкъушІэхэркъым, атІэ бухгалтерхэрщ, хьуманкІуэхэрщ, кассирхэрщ, шофёрхэрщ, стенографисткхэрщ, командантхэрщ, экспедиторхэрщ. Абыхэм процентІ 5,5-кІэ нэхъыбэ яІэрыхьэнущ. Я улахуэхэм апхуэдэу заІэт Урысейм и Гъущ Іуэгу Іуэгу лжьакІуэхэмрэ абыхэм ІуэхутхьэбзэхэмкІэ ядэІэпыкъуэмрэ. РЖД-м егъэщІилІа дохутыр Іуэхущ1апІэхэм, еджапІэхэм Іутхэм.

Къэрал Іуэхущ1апІэхэм я лжьакІуэхэм я бжыгъэр псори зэхэту мелуани 5-м нэс. Абыхэм я улахуэхэм хущІагъуэу илъ ита 2022 гъэм инфляцэр зэрыхъуэ процентІ 5,8-м нэсэрыхьэсКІэ. Сыт хуэдэу щымытами, ар щІэгъэкъуэныфІ яхуэхъунущ зи Іэжьапщ1эхэр мыин а цІыхухэм.

Адрейхэр-щэ? ЗэкІэ хэІущІыІу зэращІамкІэ, иджыпсту хуэдэу 2024 гъэм къэрал къулыкъушІэхэм я улахуэр зэрыщытауэ къагъэзэжьынущ. ЩІхьэусыгъуэр дызыхуэкІуэ илъэсым и бюджетыр сом триллион 1,6-рэ хуэдиз щыщІэу зэрызэхагъэуварщ. Абы къыхэкІыу дэтхэнэ къыдэгъэхэзэнЗэмэ куэд елытащ. Къэрал къулыкъушІэхэм арыншамэ ахьшэщхуэ арат. Аращи, заІэжьэми, зы ягъи кІынукъым.

Уэзнышагъэр хъумэным, егъэджэным, цІыхухэм псэуныгъэкІэ зыщІагъэкъуэным, щэнхабзэм я лжьакІуэхэм я улахуэхэм 2024 гъэм щІышылэм и 1-м процентІ 9,8-кІэ заІэтынущ. Мис ар хъыбарыфІщ, езы щІышылэри жьжьэжкъым.

«Уи тепІэн еплъи..

...уи лъэр укъуэдий» - а псалъэжьым и мыхьэнэр ящыгъупщжауэ къыщІэкІынущ урысейхэм ящыщ куэдым. Абы и зэран къокІ ахъшэ къеІызыхэми зытыжкэми. Девгъэгупсысыгъ: кредитхэм я процент 64-р япшныжьыным тратъэкІуадэ аэр къэзыщтахэм яІэрыхьэ хэхъуэхэм я зэхуэдитым щІигъур. Зэрытпъагъущи, зыхэпсэуКІыну къахуэнэжыр машІщ. Зымытыжьыфхэр-щэ? Іэщ1агъэлІхэм къызэрабжамкІэ, мы зэманым апхуэдэ щІыхуэхэр сом триллионитІым ноблагъэ. Абдежи къыщІыбыІэркъым: аэр ику ити илъэс къэс процент 13,3-кІэ нэхъыбэж мэхъу. Зы кредитыр зытратъэкІын е ягъэмэщІэн щхьэкІэ етІуанэ, уеблэмэ, ещанэ къэзыщтэ щыІэщ.

Апхуэдэ щытыкІэм игъэпІейтея Банк нэхъыщхьэм 2023 гъэр иухыным хэхэнжа мазищым (жэпуэгъуэм и 1-м щегъэжьауэ) ахъшэ зэрыхуэтПынщ хабзэхэм мардэщІэхэр яхуиГъуэваш. Иджы кредит къеІыпхын папщІэ нэхъ тКІийуэ еплъынущ ар упшынжьнымкІэ убгъэдэлъ зэфІэкІым, нэгъуэщІу жыпІэмэ, хэхъуэу іуэпІэрыхьэри, нэхъапэм къеІыпхауэ птелъри зыхуэдизым.

НэгъуэщІэри...

Дзэ къулыкъум зыпыІуэзыдзэм нэхъ тКІийуэ ябгъэдыхьэнущ къэплъытэ хъуну щхьэусыгъуэхэр ямыІэу, ираджауэ военкоматым емыкІуалІэхэм жэпуэгъуэм и 1-м кІэщІым щІэдзауэ сом мин 30-м нэсКІэ етхьэхъунущ. Дзэ комиссариатым Іухьэн хуейуэ хъыбар езымыигъэщІахэми (лжьапІэ къезытхэм) жэуап яхьынущ: щхьэусыгъуэхэм сом мин 40-м щегъэжьауэ мин 50-м, Іуэхущ1апІэхэм я унафощІхэм сом мин 350-м къыщыщІэдзауэ сом мин 400-кІэ етхьэхъунущ.

2023 гъэм жэпуэгъуэм и 26-м къару егъуэт «Урысей Федерацэм и гражданствэм и Іуэхукіэ» законыщІэм. Абы къыщыгъэпсэгъуэщ1.Урысейм и цІыхум и хуитыныгъэхэр трахыным щІэуэ хуагъэува щхьэусыгъуэхэр. Абыхэм пагъэкІ хъунущ дзэм хэкІуэсыкІыу щІэпхъуэжахэр, экстремизмэм къыхуэзыджэхэр, УФ-м Іэщ1кІэ Зэщ1эузэда и Къарухэр зыгъэикІэхэр.

Пенсэхэр

Иджы десэжащ хабзэщІэм

Жэпуэгъуэ мазэм нэгъуэщІ зы Іуэхугъуэшхуи епхащ. Илъэситху ипэкІэ, 2018 гъэм Урысейм цІыхур пенсэм щагъакІуэ зэманым къыщІагъуащ. Иджы апхуэдиз дыдэ дэкІащ пенсэ реформэм зэрыщІи-дзэрэ. ЖыпІэ хъунукъым ди гъащІэм щІэуэ къыхуахьа хабзэщІэр ди жылагъуэм гуапэу диІыгъащ. АрщхьэкІэ ар зымыдэу хъуэвакэри тКІиякъым. Арати, илъэситху юбилейр блэкІащ гу зэрыльатэ щымыІэу.

НАІУЭУ зэрыщытщи, ипэІуэкІэ дэ къыджаІэу щытащ ди къэралым пенсэ щагъакІуэ ныбжьым зыщрамыгъэхъуэжыну, Арщхьэкіэ зыпэмыплъа щхьэусыгъуэхэр къыкъуэкІащ. Абыхэм ящыщу нэхъыщхьэщ Урысейм сабийуэ къалъхуэхэм я бжыгъэм зэрыщыкІэрыхуамрэ ди къэралым ГъащІэр нэхъ кІыхь зэрыщыхъуамрэ. СтатистикэмкІэ къэрал комитетым къитахэм ятепщІыхьмэ 2022 гъэм урысейхэр илъэси 2,4-кІэ нэхъ ГъащІэ кІыхь хъуащ ипэкІэ ита илъэсым нэхърэ. АрщхьэкІэ къалъхухэм я бжыгъэм нэхъапэм хуэдэу кІэрыхуащ.

Аращи, пенсэ реформэр езыхьэжьахэр жыжьэ пльэуэ ящыІэкІащ: къэралым гъэжьакІуэхэр нэхъ хэхъуэуэ къыщемэщІэкІыну лъэхъэнэр къахутащ. Іэщ1агъэлІхэм я псалъэхэм ятепщІыхьмэ, пенсэ ныбжьым зэрыхагъэхъуам и фІыгъэкІэ лэжьакІуэхэм щІыху мелуан 1,7-рэ къахэхъуащ. Мыбдежьм хуабжьу къащыхуэщІхьэпащ зи ныбжь зэкІуэтахэр. Ахэр мыхъуамэ, Урысейм и экономикэр гугъуехь инхэм хэхуэнут икІи мыбдеж ар къыщрагъэпсІифынутэкъым нэгъуэщІ къэралхэм къикІыу ахъшэ къалэжьын папщІэ къытхуебгъагъэхэми. Фейдэр белджылыщ, ауэ абыи и закъуэкъым. 2018 - 2023 гъэхэм я ныбжь нэсу пенсэм тІысыжахэм я бжыгъэм мелуан 2,5-кІэ нэсрэхуащ икІи ахэр мелуан 34,2-рэ хъуащ. А щхьэусыгъуэм къыхэкІыуи зи къару илъыгъуэхэм я бжыгъэри ехуэхакъым. КІэщІу жыпІэмэ, пенсэ реформэр сыт и лъэныкъуэкІи Урысейм и экономикэм и щІэгъэкъуэну къэвращ.

Ауэ ар къэралырщ, абы и цІыхухэм я дежкІэ сыт хуэдэу къыщІэкІа зи гугъу тщІы зэхъуэкІыныгъэхэр? Еджагъэшхуэ къуэшм жалэ пенсэ ныбжьым зэрыхагъэхъуам къэралым езыр зыпэплъа фейдэм хуэдиз къыхуимыхьауэ. Сыт щхьэкІэ? Абыхэм зэран хъуауэ къэльытэр власткэр пажьэхэм я пенсэхэр индексацІэ ищІыным къызэрыпыкІарщ (фигу къэдгъэкІыжынщи, 2016 гъэм къыщыщІэдзауэ аэр я пІэ итщ). ИндексацІэ щыІамэ, зи ныбжь хэкІуэта лэжьакІуэхэм я бжыгъэр нэхъыбэнут. КъызэрыщІэкІымкІэ, къэралыр нэхъ зэгугъуар ахъшэхэм къыдигъэхуэныщ.

Сыт хуэдэу щымытами, Урысейм и дежкІэ тыгъэ лъапІэт а лэжьакІуэ мелуан 1,7-р. Абы къыхэкІыу къэралыр щытыкІэ гугъуэм къыкІащ. Мыри зыщыгъэгупщэн хуейкъым. Пенсэ ныбжькіэ къамылэтамэ, Социальнэ (Пенсэ) фондым зыхуэлыщІэр хуабжьу дуэенут. Итіанэ къэралым Іэмал иІэнэтэкъым жьыгъэмкІэ пенсэхэр апхуэдэу псынщІэу къиІэтыну (2024 гъэм ику ити абыхэм сом мин 1,5 -1,6-кІэ хагъэхъэуну я мурадщ.

Пэжщ, властхэр щыгугъащ зи гугъу тщІы фондым нэхъыбэ къыІэрыхьэну. Абы зэрыхагъахьэу Іэмалитѣ щІэІэщ: лэжьакІуэхэм я бжыгъэр драгъэкІуейуэрэ е улахуэхэр къаІэтурэ. Къэралым къыхихар япэ гъэгугуру. Ауэ мыбдежми къащемыхьлІахэр щыІэщ. Лажьэхэм я пенсэхэм индексацэр щхьэщамыхьмэ, абыхэм ящыщ куэдыр Іэнатіэ щІэуфахэм зэрыцІэнэтэкъым, апхуэдэ щІыхьэхэм я налогхэр бюджетым кІэнут.

Арати, пенсэ реформэм дигу ирихьи ириныхьи хэлъщ. АрщхьэкІэ, дыхуэй-дыхуэмейми, ипэрей пенсэ ныбжьым къыгъэззэкнукъым, абы шэч хэлъкъым.

ЖыІэн хуейщ пенсэ реформэр иджыри зэримыухар. Ар 2028 гъэм нэс дэлъ пхъэнэрэм тещІыкьащ, абы къыхэкІыуи и зэхуэдитІым нэсауэ аращ. КъулыкъушІэхэр егупсысауэ Іуэхум бгъэдыхьащ: пенсэм щагъакІуэ ныбжьыр яІэт лъэхъэнэ-гъэнэхІэрэ зэпыудауэ. НэгъуэщІу жыпІэмэ, илъэс къэс зэрыхъуэр мазэ бжыгъэщ. Апхуэдэ бгъэдыхьэкІэр хуэгъэзащ цІыхухэм хабзэщІэр къатемыгъэхьэлъэным.

Пл1анэпэр зыгъэхьэзырар **ШАЛ Мухьэмэдщ.**

Адыгэм къикІуа тхыдэ гъэзагуанэр илъэс мининым щІегъу. И дыгъэр къыкъуэкІым-къухьэжурэ къэгъуэгурыкІуэ ди лъэпкъым XVIII лІэщІыгъуэм икуэм деж «къикІуэту щІедзэ». А лъэхъэнэм абы ныкъуэкъуэгу къыхуохьу урысей пащтыхыгъуэр. ЛъэпкъитІым я зэхуаку къыдэхъуа мафІэ лыгъейм хисхащ лІэщІыгъуэ псо! Къэбэрдей лъэпкъым щыщу пщІы къэс цІыхибгъур а зауэм ихьащ, КІахэм щыпсэу адыгэ лъэпкъ зыбжанэ игъэкІуэдыпащ.

А ЛЪЭХЪЭНЭМ адыгэм ишэчамрэ и нэгу щІэкІамрэ теухуауэ зы хъыбар уеджэфыркъым уи гур гуп дэмыІэу. Абыхэм ящыщщ «Мазибл заэ» цІэмкІэ тхыдэм хьихьар. Ауэрей зауэкІи уеджэ къынущ абы, щекІуэкІа щІыпІэр къэпльытэщ. Гъатхэпэ мазэу 1779 гъэм щІидзэри, бжьыхьэкІэ мазэу иухащ а зауэр. Ар къызэрыкІауэ щытар Къэбэрдей хэкум къращІыхьа урыс быдапІэхэр ирагъэкъутэжыну яужь зэрыбарщ, я щхьэхуитныныгъэр яхъумэжыныр. ЗэщІэхьееныгъэм хэтащ КІахэм щыпсэу адыгэхэри. Дауи, араща «Жэщтеуэ» ЗэрэдыкъэбрдейкІэм я мызакъуэу, беслъэнейхэми, бжьэдыгъуэми, шапсыгъэми нобэр къыздэсым щІахьэмэр.

Мазибл зауэм щІыху мин бжьыгъэ ихьащ. Къэбэрдейр зимыуяжыжьыну щІэзэкъуатари, къыщикІуэтари щыубзари абы щыгъуэщ, армыхъэмэ, языныкъуэхэм къызэралытэу, Ермоловым (1816 - 1826) и лъэхъэнэракъым.

Ди щІэнигъэлІэхэм зэратхьжьмкІэ, 1763 гъэм Къэбэрдейм и щІы кІапэм къытращІыхьа Мэздэгу быдапІэр, Іейкіэ щымыхъум, фІыкІэ тратъэчыжьын мурадыр яІэу, къэбэрдейхэм пащтыхь Екатеринэ ЕтІуанэм дех лІыкІуэ яутІыпщауэ щытащ Жамболэтэх Тэтэрхъан и къуэ Кургъуокъуэрэ Мысоостх ящыщ Сидакъ Жанхъуэтрэ. АрщхьэкІэ абыхэми хъыбарыфІ кхъыкъым. Пащтых грамотэм пэкІум къыщыщдежжьэм щыгъуэ, Хьэтіэхъуащкъуэ и къуэ Хъэмырзэрэ Къанмырзэрэ.

Аслъэнбэч и къуэ Хъэмырзэ КІащІыр лІы цІэрыцІуэт, и ныбжьыр илъэс 74-рэ а гъэ дыдэм ирикъуэуэ щытащ. Ари, абы и къуэ Исмели а зауэм хэкІуэдащ. А пщы цІэрыцІуэм и цІэунэцІэм Мазибл зауэм иужькІэ зэрыпсу документхэм ушрихьэлІэжьыркъым.

Арати, ящынакъуэхэр щІытІ Іуэхум еувэлІащ, адыгэмрэ, быдапІэхэр къыщащтэкІэ къаІэсэбэпыну зыпхъэуэт-чий хьурейхэр ягъэхьэзыращ, зи быдапІэ куэбжэхэр иракъутэну щэрхьис зыщІагъэувэ ентІыр абрагъэхэр къызэрагъэпэщащ.

Пщы Къэнэмэт и къуэ Елбэздыкъуэ къалэн щащІат бийм и бжыгъэмрэ тІасхъаІэмэрэ убзыхунри, хъарзынэу зэфІигъэкІат. Къырымым щынщ ермэлы Васканян Артем Мэздэгу дех цІыхугъэ къыщицІри, абы дыжьынэ сом щитхьКІэ къыщыуцуащ адыгэм къателъхьэну. А ермэлы щІалэм полкым и тэрмэш Безбородов Николайрэ Сергеев Пётррэ зыдигъэІэпкІыкъащ. Быдапі Іэхэр къызэхакІухьри, абыхэм нэхъ тІасхъаІэпІу яІэмкІэ адыгэм хъыбар къарагъащІащ. ЗырызэгурыІуам тету, Васканян накъыгъэм и 12-м щэджагъуэхэм хуэкІуэу Александровскэ быдапІэм макІуэ. А махуэм Джорджий Ауш (Святой Георгий) и махуэр ягъэлъапІэт. Ермэлым мэжьу Іэбжьыб кьецІэ, члисэ пщэфІапІэм щІокъхэри, лыгъэ иредз. Махуэр жьапщэти, члисэр мафІэсышхуэм зэщІещІэ, мафІэсымкІэ адыгэхэм хъыбар къарригащІэу арат.

Быдапі Іэхэр къутэжьын Іуэху урысхэм зэрахуэрэтэкъым. Арати, адыгэ шууейхэр Екатеринодрадскэрэ Марьинскэрэ (Шупщі Іэ къалэ) я зэхуаку къыдохьэ, абыхэм яубыд Царицын кІуэ гъэзэгъэкІыр. Быдапі Іэм дэсхэм ерысыкІыпхэрэ ахъшэрэ къаІэрымыкъэж кІуі. Быдапі Іэ псори къаувыкъ, сэринорадскэрэ Марьинскэрэ (Шупщі Іэ къалэ) я зэхуаку къыдохьэ, абыхэм яубыд Царицын кІуэ гъэзэгъэкІыр. Быдапі Іэм дэсхэм ерысыкІыпхэрэ ахъшэрэ къаІэрымыкъэж кІуі. Быдапі Іэ псори къаувыкъ, сэрилъэ, члисэ пщэфІапІэм щІокъхэри, лыгъэ иредз. Махуэр жьапщэти, члисэр мафІэсышхуэм зэщІещІэ, мафІэсымкІэ адыгэхэм хъыбар къарригащІэу арат.

Быдапі Іэхэр къутэжьын Іуэху урысхэм зэрахуэрэтэкъым. Арати, адыгэ шууейхэр Екатеринодрадскэрэ Марьинскэрэ (Шупщі Іэ къалэ) я зэхуаку къыдохьэ, абыхэм яубыд Царицын кІуэ гъэзэгъэкІыр. Быдапі Іэм дэсхэм ерысыкІыпхэрэ ахъшэрэ къаІэрымыкъэж кІуі. Быдапі Іэ псори къаувыкъ, сэрилъэ, члисэ пщэфІапІэм щІокъхэри, лыгъэ иредз. Махуэр жьапщэти, члисэр мафІэсышхуэм зэщІещІэ, мафІэсымкІэ адыгэхэм хъыбар къарригащІэу арат.

Лагерым зезыпщІатхэр щІэх дыдэу къраГъэкІуэт. Мэкъуэгъэуэ мазэм и ебгъуэнэ жэщым адыгэхэм Марьинскэр лъэныкъуэитІымкІэ къаувыхьри, къытхьэ щІадзэ, топышэри, фочышэри къатещадзэ, ящыІэ-махуитКІэ зэауэ.

Мэкъуэгъэгъуэм и 10-м генерал Якоби дзэр Павловскэ быдапІэм къыдеш, дзэщхьищу, «каре» зыхуаІэм хуэдэу, ирегъэувэкІ, я зэхуаку щуудзэр ириубыдэу хъума хъун папщІэ. Адыгэ шуудзэр ятпщІыкІэ зы сатыру йоувыкІ, верстипл и кІыхьагъэу, итІанэ гупищ защІыжри нысэдолъ. Генералым ахэр гъунэгу дыдэу зыбгъэдегъэхьэри, топкІи фочкІи мафІэр къатрекІуэтэ. Аргуэру адыгэ шуудзэм къырущІэ зэхуэхьсжжри, сэмэгурабгъумкІэ урысыдзэм къыщуэ. АрщхьэкІэ бийр нэхъ хьащІ. А зэрыхьэзрийм хэту Марьинскэ быдапІэм и капитан Бас Я. и гупыр и гъусэу щІытІым щигъэзлъэкІа адыгэхэм къахуохьри, цІыху бгъущІрэ блырэ еукІ. Езы генерал Якоби мэкъуэгъэгъуэм и 18-м итхьжа рапортым итщ мыпхуэдэу: «Я разбил их так, что побитых и раненых оставили и увезли с собою до трех тысяч человек» .

А щІыкІэм тету, Балъкъ адрыщІ щыІэ Марьинскэ быдапІэр къащтэн мурадкІэ къызэрагъэпэща Жэщтеуэр адыгэм я хьэдагъэу къызэрыдэкІащ.

Жэщтеуэм и ужькІэ къэбэрдейхэм я зауэр зы мазэ хуэдэкІэ нэхъ кІащхьэ мэхъу. Бадзэуэгъуэм и 17-м минитху хъу адыгэ шуудзэр Георгиевск йобгъэрыкІуэ, здэкІуэм ихъуреягъкІэ урысхэм яубыдауэ яІыгъ мэкъупІэри, гъавэ ящІа ри ягъэсри къоКІуэтыж. ШыщхьэуІум и кІэухым аргуэру а быдапІэ дыдэм Царицын къиКІыу къакІуэ «Хьэжьгъэшхэм» ятхуэ. Абдеж «егерхэм» цІыху цІух адыгэу къыщІукІ. МэкъупІэм мафІэ щІадзэри къокІуэтыж. ФокІадэм и 27-м зы мин хъу адыгэ шу гупыр сэлэт пщІей хъууэ мэкъу изыщІыжхэм ятоуэ, зы офицер, сэлэту 41-рэ яукІ, зы топ, абы и шэхэр, гынхэр и гъусэу къытрах.

А махуэ дыдэм пащтыхьым кьигъэКІуа генерал Фабрицан Ф.И. зи пашэ дзэр (полкищ лъэсыдзэу, шу мин къэзакъыу, апхуэдиз дыдэ кьалмыкъыу) Къурей псы Іуфэм Іут, Щихь Павел (Павловскэ) быдапІэм къос. Абдеж къыщІожьэ урысыдзэр, Балъкъ Іуфэ, Кьетыкъуэ ТІуащІэм деж щІысыкІа адыгэ лагерыр зэбграхун мурадыр яІэу. ПщыхьэщхьэхуэІуэу кьежьар жэщыбгъым ІуэупІауэнэшэу ШыгъэзпрышыпІэ деж (иджырей Псыхъурей къуажэкІэрщ) Фабрицан Балъкъ къыщызэпрокІ, шу гуп еГакІуэри, минитІ хъу адыгэ зауэлІхэм яш хъуакІуэу губгъуэм итхэр кьыІуаху. Къэбэрдей лъэныкъуэмкІэ дзэ кьымыкІын хуэдэу ягъэбудэ. ЙІыкІэмрэ шыхэмрэ зэпэІащІэ ящІ. Мыдрей генерал Якоби шутабынипщ (эскадронипщ) хъу дзэр зэхуэдитІ ирещІыкІри, тІуащІэм и кІапэ зырызым кьыІуеГэзэвэ. Езым лъэсыдзэр дзэщхьищ («каре») ирещІыкІри, пІэмыкъым кьытоувэж.

ТІуащІэ мазэым щІэсхэм я пльырхэр мэбзэлэрыгъри, жэщым къаувыкьауэ ящІ нэхъ кІоКІ. Къэбэрдейхэр езыхэр жэщтеуэкІэ Іэзэу къэгъэугурыкІуэрт, арщхьэкІэ а ІэмалымкІэ мы зэм бийр кьебзэдэжкІат. ФочкІадзам и 29-м пщэдджыжьым сыкьэти 7-м яубэри, щысхьнышэу лъыгъажэ бзаджэр сыкьэтитху енкІэ екІуэкІащ, зызытын зымыда къэбэрдей уэрэкьыдзэр кьанэ щымыІэу кьызэтрауэкІащ. Іуэхур зэрымыщІагъэуэ кьыщащІэм, абы памыжьажьэу щыт адыгэ лъэсыдзэр кьыщІопсыжьэж.

А зауэзэрылІм иужькІэ Якоби Балъкъ Іуфэ хэщІапІэ кьещІ. Зы мазэ докІри, Къэбэрдейм кьохьэ, жьлэхэр зэхэсхуэн ещІ. Бахьсэн кьызэпрыкІа ноужь, Кьщтокьипс дех, Тамбовскэ кьуажэм пэгъунэгъуу, дзитІым аргуэру зыщІэзэраупсей, адыгэу зауэлІ Іэджэ хокІуадэ.

Мазибл зауэм адыгэу зэхІуадам и бжыгъэр кьэлъытэгъуейщ. Хьан-Джэрий (1808 - 1842) щІыхьэт тохъуэ Къетыкъуэ ТІуащІэ деж Къэбэрдейм зауэлІу исым я нэхъыфІыІуэри я нэхъыбэри щІыхьІуэдауэ.

«Пщы щІехуэх и мащэщ» жьыуаІэрати, Къетыкъуэ ТІуащІэ деж щІыхьІуэда пщІыхэм Іуащхьэ зырыз худращІеижащ. 1779 гъэм я гъуэ мывэ сыкъэм ноби къэбэрдей кьуажэ зыбжанэм ущрохьэпІэ.

Къэбэрдеипщхэм я щхьэр кьыфІахат. Адыгэжэр яГъэсабрауэ кьэзыльпъэта урысхэм пщІэ хуамыщІу кьэнакъым, икІи Къэбэрдейр кьызэрагъэуам и щІыхькІэ 1785 гъэм Триумфальнэ аркэ щагъэуващ а зэманым Кавказ Іимен и центру щыта Екатериноград станицэм. Ар нобэмы щытщ.

ФЫРЭ Анфисэ.

Экономикэ

А махуэхэм щыгъуэ...

Тхыдэ

Иджы куэдрэ тепсэлъыхьыжьырхъым илъэс 30 ипэкІэ - 1993 гъэм жэпуэгъуэм и 4-м - ди къэралым къыщыхьуауэщытам. Архьэдэгъуэдахэщ икІи яГу кьагъэмыкІыжмэ, нэхъ къащтэ. Зи гугъу тщІыр ренпрет Ельцин Борис и унафэкІэ Совет Нэхъыщхьэм и Унэм (Унэ жужьым) танкэмкІэ зэребгъэрыкІуарщ. Ар и Іэужьу уващ къэралым и Іэтащхьэмрэ парламентымрэ зэрызэпэщІэуварм. Ауэ ар Іэмалымащэт? Властым и къудамэхэр щІэзэщІыей, уеблэмэ, щІыззрыГэплъ тхьыдэм Іэджэрэ кьыщыкъуащ, иджыри кьыщыхьунущ, ауэ Іэщ1эм щІыхуэкІуэр ззззмызэхэщ икІи ар сыт хуэдэ щхьэусыгъуэм кьыхэмыкІами, хабзэм кьезэгъыГуеЙщ. Гъащ1агъэунщ демократием и щэнтхьеЙм ис КІыхьэпІэми абы «гу зэрыпльмытари». Ауэ ар кьыыыхэкІар гурыІуэгъущ: топыщэхмкІэ Унэ хужьым еуар и бий нэхъыщхьэр икІи зытеплъэ мыхъу СССР-р щІэзыльхьэжа Ельцинырт, а зэманым абы ищІэ псори кьхунут...

Сыт атІэ а напэтехьыр щхьэтечу кьызыхкІар?

ЖыпІэ хъунущ «хьэм тетыгъуэр» яхуэзэрымыгъэгъуэтауэ. Фигу къэдгъэкІыжынщи, а зэманым щыІа Конституцэм ипкъ иткІэ къэралым власть нэхъыщхьэр щызэІыщІэлъыр президентыртэкъым, атІэ ЦІыхубз депутатхэм я съэдырт. Зыри кьыпэрыуэу зымыдэну Ельциныр абы кьигъэлыбырт. ИпэкІи ар яужь итащ а лъэпощхьэпор Іуихыну. ЛъэныкъуитІым я зэпэщІэтныгъэр псом хуэмыдэу зэщІзэыпльэпльэр тхыдэм кьыхьха приватизацэрщ. Къэрал мылькумкІэ комитетым и унафэщІу щыта Чубайс Анатолий игъэхьэзыра пэхуэщІэм кьыщыгъэлъэгъуат ауэдэ хэкуэр щІэ-унэщІэкІэр темыту яГуэшыну. Абы кьикІыр абы хэмкІэ пудыбзэу (тумэн зырызкІэ) хьэжьвакъэжьышхэм кьулеиГъэкІэ зыІэрагъэхьэну, адрейхэр Іыхьэнэшэу кьэнэну. Депутатхэм я зыгъэпсэхуГуэтм, парламентыр хэмыпльэу я хабзэм кьэру ирагъэгъэтащ. ЦІыхубз лІыкІуэхэм ар ядакъым. Ельцинми и мурадтэкъым икІуэтыну. Арати, лъыгъажэ кьэхъункІэ шынагъуэ кьыкьуэкІащ.

КъэхэгъэщхьэхуКІыН хуейщ а зэманым президентым ди къэралым щыхуащІ пщІэр ехуэхауэ зэрыщытар. Зи псэукІэр зэІыхьа цІыхухэр ящыщ. Ар Ельцинрт. Гъатхэпэ мазэу 1779 гъэм щІидзэри, бжьыхьэкІэ мазэу иухащ а зауэр. Ар кьызэрыкІауэ щытар Къэбэрдей хэкум кьращІыхьа урыс быдапІэхэр ирагъэкъутэжыну яужь зэрыбарщ, я щхьэхуитныныгъэр яхьумэжыныр. ЗэщІэхьееныгъэм хэтащ КІахэм щыпсэу адыгэхэри. Дауи, араща «Жэщтеуэ» ЗэрэдыкъэбрдейкІэм я мызакъуэу, беслъэнейхэми, бжьэдыгъуэми, шапсыгъэми нобэр къыздэсым щІахьэмэр.

Мазибл зауэм щІыху мин бжьыгъэ ихьащ. Къэбэрдейр зимыуяжыжьыну щІэзэкъуатари, къыщикІуэтари щыубзари абы щыгъуэщ, армыхъэмэ, язныныкъуэхэм къызэралытэу, Ермоловым (1816 - 1826) и лъэхъэнэракъым.

Ди щІэнигъэлІэхэм зэратхьжьмкІэ, 1763 гъэм Къэбэрдейм и щІы кІапэм къытращІыхьа Мэздэгу быдапІэр, Іейкіэ щымыхъум, фІыкІэ тратъэчыжьын мурадыр яІэу, къэбэрдейхэм пащтыхь Екатеринэ ЕтІуанэм дех лІыкІуэ яутІыпщауэ щытащ Жамболэтэх Тэтэрхъан и къуэ Кургъуокъуэрэ Мысоостх ящыщ Сидакъ Жанхъуэтрэ. АрщхьэкІэ абыхэми хъыбарыфІ кхъыкъым. Пащтых грамотэм пэкІум къыщыщдежжьэм щыгъуэ, Хьэтіэхъуащкъуэ и къуэ Хъэмырзэрэ Къанмырзэрэ.

Аслъэнбэч и къуэ Хъэмырзэ КІащІыр лІы цІэрыцІуэт, и ныбжьыр илъэс 74-рэ а гъэ дыдэм ирикъуэуэ щытащ. Ари, абы и къуэ Исмели а зауэм хэкІуэдащ. А пщы цІэрыцІуэм и цІэунэцІэм Мазибл зауэм иужькІэ зэрыпсу документхэм ушрихьэлІэжьыркъым.

Арати, ящынакъуэхэр щІытІ Іуэхум еувэлІащ, адыгэмрэ, быдапІэхэр къыщащтэкІэ къаІэсэбэпыну зыпэплъэт-чий хьурейхэр ягъэхьэзыращ, зи быдапІэ куэбжэхэр иракъутэну щэрхьис зыщІагъэувэ ентІыр абрагъэхэр къызэрагъэпэщащ.

Пщы Къэнэмэт и къуэ Елбэздыкъуэ къалэн щащІат бийм и бжыгъэмрэ тІасхъаІэмэрэ убзыхунри, хъарзынэу зэфІигъэкІат. Къырымым щынщ ермэлы Васканян Артем Мэздэгу дех цІыхугъэ къыщицІри, абы дыжьынэ сом щитхьКІэ къыщыуцуащ адыгэм къателъхьэну. А ермэлы щІалэм полкым и тэрмэш Безбородов Николайрэ Сергеев Пётррэ зыдигъэІэпкІыкъащ. Быдапі Іэхэр къызэхакІухьри, абыхэм нэхъ тІасхъаІэпІу яІэмкІэ адыгэм хъыбар къарригащІащ. ЗырызэгурыІуам тету, Васканян накъыгъэм и 12-м щэджагъуэхэм хуэкІуэу Александровскэ быдапІэм макІуэ. А махуэм Джорджий Ауш (Святой Георгий) и махуэр ягъэлъапІэт. Ермэлым мэжьу Іэбжьыб кьецІэ, члисэ пщэфІапІэм щІокъхэри, лыгъэ иредз. Махуэр жьапщэти, члисэр мафІэсышхуэм зэщІещІэ, мафІэсымкІэ адыгэхэм хъыбар къарригащІэу арат.

Быдапі Іэхэр къутэжьын Іуэху урысхэм зэрахуэрэтэкъым. Арати, адыгэ шууейхэр Екатеринодрадскэрэ Марьинскэрэ (Шупщі Іэ къалэ) я зэхуаку къыдохьэ, абыхэм яубыд Царицын кІуэ гъэзэгъэкІыр. Быдапі Іэм дэсхэм ерысыкІыпхэрэ ахъшэрэ къаІэрымыкъэж кІуі. Быдапі Іэ псори къаувыкъ, сэрилъэ, члисэ пщэфІапІэм щІокъхэри, лыгъэ иредз. Махуэр жьапщэти, члисэр мафІэсышхуэм зэщІещІэ, мафІэсымкІэ адыгэхэм хъыбар къарригащІэу арат.

Лагерым зезыпщІатхэр щІэх дыдэу къраГъэкІуэт. Мэкъуэгъэуэ мазэм и ебгъуэнэ жэщым адыгэхэм Марьинскэр лъэныкъуэитІымкІэ къаувыхьри, къытхьэ щІадзэ, топышэри, фочышэри къатещадзэ, ящыІэ-махуитКІэ зэауэ.

Мэкъуэгъэгъуэм и 10-м генерал Якоби дзэр Павловскэ быдапІэм къыдеш, дзэщхьищу, «каре» зыхуаІэм хуэдэу, ирегъэувэкІ, я зэхуаку щуудзэр ириубыдэу хъума хъун папщІэ. Адыгэ шуудзэр ятпщІыкІэ зы сатыру йоувыкІ, верстипл и кІыхьагъэу, итІанэ гупищ защІыжри нысэдолъ. Генералым ахэр гъунэгу дыдэу зыбгъэдегъэхьэри, топкІи фочкІи мафІэр къатрекІуэтэ. Аргуэру адыгэ шуудзэм къырущІэ зэхуэхьсжжри, сэмэгурабгъумкІэ урысыдзэм къыщуэ. АрщхьэкІэ бийр нэхъ хьащІ. А зэрыхьэзрийм хэту Марьинскэ быдапІэм и капитан Бас Я. и гуп

● Гъэлъэгъуэныгъэхэр

Псэ жыгхэр гъащIэм и нэщэнэу

КЪБР-м и Къэралыгъуэр илъэси 100 зэрырикъум и щIыхькIэ къызэIуаха Иджырей гъазджэхэмкIэ галереем щагъэлъагъуэ ХудожествэхэмкIэ Урысей Академием и академик, КЪБР-м и цIыхубэ художник ГъущIапщэ Арсен и лэжьыгъэхэр. Выставкэр къызэрагъэпэщащ ХудожествэхэмкIэ Урысей Академиемрэ УФ-м и Художникхэм я зэгухьэныгъэмрэ зэгъусэу игъэзащIэ Iуэхум хыхьэу, къищынэмыщIауэ, скульпторыр илъэс 60 зэрырикъум и щIыхькIэ.

КЪБР-м и СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI Къаныкъуэ Жаннэ и Iуапэу къыхихыгъащIащ УФ-м и Сурэтыщ1хэм я зэгухьэныгъэм и къудамэхэм я лIыкIуэхэр, Кавказ Ищхъэрэм и хэгъэгухэм, Абхъаз Республикэм, Дон Iус Ростов, Ставрополь крайм, Москва кьалэм къикIа хьащIэхэр къаззырхуеблагъар.

ХудожествэхэмкIэ Урысей Академием сурэтыщI гъуазджэхэм я тхыдэмрэ теориемкIэ и щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым и унафэщI, академик Ступин Сергей выставкэр къыщыдзэIуихым жиIащ ГъущIапщэ Арсен зэфIэкIрэ щIэныгъэрэ зиIэ IэпщIэпльапщIэу зэрыщытыр, и диплом лэжьыгъэм папщIэ медаль къызэрыхуагъэфэщар, Урысейм и мызакъуэу, и лэжьыгъэхэм Тыркум, Израильм, нэгъэщI щIыпIэхэм щIэупщIэшхэу зэрыщагIэр. Ступиным жиIащ скульпторым и лэжьыгъэ нэхъыщхьэр - «Псэ жыгыр» - Кавказ Ищхъэрэм, мамырыгъэм я дамыгъэу къызэрилытэр, КЪБР-м и цIыхубэ художник Урым Руслан, Мазло Эдуард, ГъущIапщэ Арсен сымэ илъэс 20-м щIигъуауэ рецептуализм унэтIныгъэм хэлъхьэныгъэфIхэр зэрыхуащIыр, къэрал куэдым я лэжьыгъэхэр зэрыщагъэлъагъуэр.

УФ-м-рэ КЪБР-мрэ я цIыхубэ художник, академик Пащты Герман жиIащ ГъущIапщэ Арсен и скульптурэ лэжьыгъэ купщIафIэхэр зэрыхэхьэсыр Iэпэу зэрильаГъур икIи скульпторым и зэфIэкIым зэрыхигъахьэм, зэрызиужьым кIэлъыплъыну зэрригуапэр. Апхуэдэу жиIащ, хуей хьумэ, гъуазджэм хэлъхьэныгъэфIхэр хуэзыщIщIалэгъуалэм ядэIэпыкъуну зэрыхьэзырыр.

- ЗэфIэкI зиIэ художникхэр дызэрилIэм и щIыхьэтщI лэжьыгъэ щхьэпэхэр щызэхуэхьэса мы выставкэр! ГъущIапщэ скульптор Iэзэу зэрыщытар. И лэжьыгъэм ар ехъуэхъуащ и Iэдакъэщ1кIхэм дяпэкIи дуней псом щIэупщIащIэну, щагъэльэгъуэну.

- Арсен скульптор гупсысакIуэщ икIи и лэжьыгъэхэм щIэ куэд хьболъагъуэ. Араща сыт хуэдэ плIанэпэри абы и Iэдакъэщ1экIхэм щIахуэгъэдахэм и щхьэусыгъуэр. Ар куэдым къехъулIэркъым, жиIащ Урысей Ипщэм Художествэхэмкlэ и Академием и унафэщI Олешня Сергей.

ГъущIапщэ Арсен и псалъэм къыхигъэщащ и ужь зэманым ищIа и Iэдакъэщ1экIхэр и ныбжьэгъуэхэмрэ лэжьыгъуэхэмрэ я пащхьэм и гуапэу зэрыщигъэльагъуэр. Выставкэм хагъахьащ «Псэ жыг», «ЕхъулIэныгъэм и жыг» сериехэм щыщ, гъущIым, гъуапIуэм, къамылым, пхъэм, фэм, тхылъымпIэм, ятIагъуэм, мывэм, пластикым, нэгъэщIхэми къыхихыкIа скульптурэ лэжьыгъэхэр. Адыгэм и гъащIэм къыгуэхьпIэ зимыIэ псэ жыгыр гъэльэгъуэныгъэм и кupых хьащI. Скульпторым и дежкIэ псэ жыгыр и дамыгъэщ тхыдэ гъэзугаиэ гугъу къззыкIуа, гъэзэгъуэхэм къыпхыкIа и лъэпкъыр нобэ зэрыпсэум, абы зэрызиужьым. ГъущIапщэм ищIащ Урыс-Кавказ зауэм хэкIуэдахэм я фэеплъ лэжьыгъи.

Тхыгъэри сурэтхэри **ТекIУЖЬ Заретэ** *ейц.*

Къалэмыр къэзыщтагъащIэхэм папщIэ

Кавказ Ищхъэрэм и тхакIуэхэм я зэхыхьэ Налшык къыщызэрагъэпэщ. Урысейм и тхакIуэхэм, тхылъ къыдэзыгъэкIхэм я зэгухьэныгъэхэм я ассоциацэм ди щIыналъэм ис тхакIуэхэр жэпуэгъуэм и 19-м щIэдзауэ махуитхукIэ зэхуишэсныщ.

ТХЭН щIэзыдзагъащIэу цIыху 40 тхакIуэ щIэрыIуэхэм я дерсхэм щIэсынущ. ТхакIуэхэм я ассоциацэм илъэс етIуанэ хъуауэ федеральнэ щIыналъэ псоми апхуэдэ зэхыхьэхэр щрегъэкIуэкI. Абы хэт хуэдизрэ илъэс 18 - 60-хэм итхэр. Сыт хуэдэ ныбжьыми тхэн щIэбдзэну зэрымыкIасэр жаIэ къызэгъэпэщакIуэхэм. Тхэным хуэIэижьхэм, литературэм бжьыпэр щызыубыда Iэщ1агъэлIхэм я дерсхэм усакIуэ, тхакIуэ, литератор, зэдзэкIакIуэ ныбжьыщIэхэр щIагъэсынущ, ахэр зыр адрейм и тхыгъэм тепсэлъыхьынущ, зэпкърахынущ. Къыщымэмыщ1ауэ, а зэхыхьэм хэтхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыху зэчиифIэхэм, цIэрыIуэхэм хуагъэзэнущ, Налшык кьалэ зэщIагъэпльыхьынущ.

Урысейм и тхакIуэ цIэрыIуэхэу Данилов Дмитрий, Попов Михаил, Новиковэ Ольгэ, Багдановэ Верэ сымэ IуэтэжьымкIэ дерсхэр ятынущ. УсакIуэхэм ечэнджэщынур Кузнецовэ Ингэрэ Суховэ Элинэрэщ. Мэремкъул Ларисэрэ Латынин Валерийрэ зэдзэкIакIуэ ныбжьыщIэхэм ядэIэжьынущ (Кавказ Ищхъэрэм ис лъэпкъхэм я бзэхэмкIэ зэзыдзэкIэрэри хэту).

А зэхыхьэм нэхъыфIу къыщацIыхьтэ цIыхуипщI, я ныбжьыр илъэс 35-м нэмысауэ, Урысейм и тхакIуэ ныбжьыщIэхэм я зэхыхьэ ину Москва щызэхэтыным ягъэкIуэнущ. Къищынэмыщ1ауэ, язныкъуэхэм я тхыгъэхэр тхылъ зэхэтхэм, литературэ журнал цIэрыIуэхэм традзэнущ.

Мы зэхыхьэр тхэн щIэзыдзахэм я зэфIэкI щагъэлъэгъуэну Iэмалыфщ, цIэрыIуэ хъуа тхакIуэ куэдым ар къежьапIэ ахуэхьауэ зэрыщытар къэпльыхьтэмэ.

Налшык и Къэрал концерт гъэлъэгъуапIэм жэпуэгъуэм и 19-м Iэтауэ къыщызэIуахыну зэхыхьэм фыхэтыну фрагъэблагъэ.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

Псынэдахэм

● Футбол

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гъэмахуэ чемпионатыр мы гъэм иухыным иджыри джэгугъуитI къэнэжащ, ауэ абы и сауэт нэхъыщхьэр зыIэрыхьэнур блыщхьэ кIуам зэхэкIащ - зэхьэзэхуэм и кIыхьагъкIэ зыми химыгъащIэфа Псынэдахэ и «Родник»-м хуэфащэ дыдэу дыщэ медалхэр лъысащ.

КЭНЖЭ къуажэм жэпуэгъуэм и 9-м щызэхэхьну зэIущIэм кърикIуэм ельытат мыгъэрей зэпеуэм и Iуэхугъуэ нэхъыщхьэр щызэхэкIынур дапщэщми. Шэч кьытезыхъэ щыIэжу кьащIэкIнутэкъым чемпионыгъэр «Родник»-м зэпимыуIытIыпщыным. Сыти жыIи иджыри къэс зыпэмыльъэща икIи джэгугъуэ кьэс зи хьэрхуэрэгъуэм ику иту топиплIрэ ныкъуэрэ яхудзэыгъэкI псынэдахэдэсхэр зэуэ зэщIэувыIэкIну шэч щIыгъуейт.

Блыщхьэм зэхэта зэIущIэм наIуэ ищIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым гуп льэщ дыдэ къызэрыщыунэхуар. Я́пэ дакьикьэхэм щагъэжьауэ джэгу ирихьукIэ Псынэдахэ кьикIахэм хэгъэрейхэм я щхьэр кьрагъэIэтакъым. «Родник»-р 8:0-у зэрытекIуам кьеГъэльэгъуэ хэт сыт и уасэми.

Кьэнэжа джэгугъуитIым псынэдахэдэсхэр чемпион тахъгъэ зыми къыщыхуегъэкIуэтэхыжьнукъым. Я́пэщIыкIэ ар Iущ1эн хуеящ Бахъсэн и «Имран»-м, ауэ ар зэхьэзэхуэм зэрыхэкIыжам къыхэкIыу «Родник»-м аргуэру очкоищ хуатхынущ. Араща, зыри лъэщIыхьэжьфынукъым.

Дыжьынымрэ домбеякъырэ ялъыснущ «Тэрчымрэ» «Искра»-мрэ языкэзым. АрщхьэкIэ хэт сыт хуэдэ медалыр Iэрыхьэжьми щызэхэкIынур кIэуэ джэгугъуэхэращ. Хуабжьу хьэлэмэт хъунущ ахэр жэпуэгъуэм и 18-м езыхэр зэрызэIущIэнум укIэлъыплъынущ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и чемпионатым и гуп нэхъыщхьэм зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1. «Родник»	26	23	3	0	120-24	72
2. «Тэрч»	26	21	4	1	84-21	67
3. «Искра»	25	21	2	2	101-25	65
4. «Спартак-Д»	26	14	3	9	77-49	45
5. «Шагъдий»	26	11	7	8	95-67	40
6. «Малка»	25	10	3	12	44-67	33
7. «Ислъамей»	26	9	6	11	62-68	33
8. «Шэрджэс»	26	10	1	15	58-90	31
9.«ЛогоВАЗ»	26	9	4	13	44-66	31
10. «Кэнжэ»	26	9	2	15	54-78	29
11. «Акъбащ»	26	8	5	13	56-92	29
12. «Дохъушыкъуей»	26	7	2	17	49-86	23
13. «Урыху»	26	6	5	15	53-80	23
14. «Псыгуэнсу»	26	5	6	15	50-78	21
15. «Имран»	26	3	3	20	34-90	12

Абы кьыщытщIэну фэ тетщ хэт япэ ищынуми.

Гугъущ зэкIэ зыгуэр яхужьIэну турнир таблицэм и иужь увыпIэхэр зыIэрыхьэнухэм елъытауэ. Пэжщ, гуп нэхъыщхьэм мы гъэм афIэкIа зыри занщIэу хэкIыжынукъым, пасэу, езыр-езыру, ар Аргудан и «Бедик»-мрэ Бахъсэн и «Имран»-мрэ зэрабгынам кьыхэхIыу. Абы щыгъуэми Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и япэ дивизионым ещанэ-еплIанэ увыпIэхэр къыщызыхьахэм зэпэщIэуэ зэIущIэхэр дратгъэкIуэжынущ гуп нэхъыщхьэ» (Остар Щэрэдж) - «**Ислъэмей**» (Ислъэмей) - **4:4**, «**Кэнжэ**» (Кэнжэ) - «**Родник**» (Псынэдахэ) - **0:8**, «**Шагъдий**» (Зеикъуэ) - «**Псыгуэнсу**» (Псыгуэнсу) - **5:3**.

КъыкIэлъыкIуэ джэгугъуэр дызыхуэзыгъэ щэбэтымрэ тхьэмахуэмрэ зэхэтынущ. А махуэхэм зэдзэIыгъщ Псынэдахэ и джэгунуц: *жэпуэгъуэм и 14-м* - «Родник» - «Имран», «Урыху» - «Акъбащ», «Псыгуэнсу» - «Кэнжэ», «Малка» - «Дохъушыкъуей», «Шагъдий» - «Спартак-Д»; *жэпуэгъуэм и 15-м* - «Искра» - «ЛогоВАЗ», «Ислъэмей» - «Шэрджэс» командэхэр.

ХЬЭТАУ Ислъам.

ТIэунейрэ домбеякъыр къахьащ

Урысей Федерацэм и Лъэпкъ гвардием и дзэхэу Кавказ Ищхъэрэ округым щыIэхэм псым есынымкIэ я чемпионат Пятигорск (Псыхуабэ) щекIуэкIащ.

Командэ 14-м хэтащ щIыналъэ управленэхэмрэ дзэ частхэмрэ я спортсмен лъэщу 70 икIи я зэфIэкIымрэ бэшэчагъымрэ щагъэлъэгъуащ зэпеуэ зэмылIэужьыгъуэхэм.

Чемпионатым кърикIуахэм къызэрагъэлъэгъуамкIэ, етIуанэ гупым дыщэр къыщыхьащ Мэздзэгу щыщ къхъулъатэзехуэхэм я гупым и командэм, къалэн хэхахэр зыгъэзащIэ центрым и гупым етIуанэ увыпIэр лъысащ, топгъауэ полкым и спортсменхэр ещанэщ.

Я́пэ гупым бжьыпэр щаубыдащ Урысей гвардием Владикавказ щIэ управленэм и спортсменхэм, Урысей гвардием Ставрополь крайм щIэ управленэр етIуанэщ, Урысей гвардием и управленэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэм и командэ зэхэтым ещанэ увыпIэр къихьащ.

Метри 4х50 эстафетэм щытекIуащ Урысей гвардием Ставрополь щыIэ и управленэм и командэр, абы къыкIэлъыкIуащ Владикавказ икIа спортсменхэр, жэзыр къихьащ Урысей гвардием и управленэу КЪБР-м щыIэм и гупым.

ТекIуахэмрэ къыхэжаныкIахэмрэ ираташ фэеплъ кубокхэмрэ дипломхэмрэ.

БАХЪСЭНЛанэ.

Узыншагъэм хуаущий

Къэбэрдей-Балъкъэрым щекIуэкI «Ди сабийхэм я узыншагъэмрэ шынагъуэнщагъэмрэ папщIэ» профилактикэ акцэм, наркотикым пэщIэтыным хуэгъэпсам, хьыжьу зэIущIэхэр щызэхэтащ Налшык кьалэ и курыт еджапIэхэу №1, №20-хэм.

КЪБР-м щыIэ МВД-м Наркотикхэр зэрызэбграгъэхьым кIэлъыплъыныжьмкIэ и управленэм, КЪБР-м Узыншагъэр хьумэныжьмкIэ и министерствэмрэ Налшык кьалэ администрацэм ЕгъэджэныгъэмкIэ и департаментымрэ я лIыкIуэхэм школакIуэхэм драгъэкIуэкIащ наркотикэхкIхэм пэIащIэным, фадэмрэ тутынымрэ я зэранигъэм ятеуэуа псалъэмакъ щхьэпэ.

НыбжьыщIэхэр жыдзэру хэтащ кьалэтэ Iуэхуэсам. Курыт еджапIэ №1-м щIэсхэм яГъэхьэзыра программэм щыжаIащ наркотикхэкIхэмрэ акъылыр зыгъэутхъуэ пкъыгъуэхэмрэ кьашэ зэранигъэхэр. Абыхэм къызэхуэсахэр ирагъэплъащ «Наркоманием суд тращIыхь» театр теплъэгъуэм.

- ГъащIэ - ар цIыхум къыбгъэдалъхьа лъапIэныгъащ, дахуейщ ар насыпыфIэу икIи екIуу къэтпсэуну, насыпыфIэ хъунукъым наркотикхэкIхэр зэзыхьэлIэр, - къыхагъэщащ абыхэм.

ЕджакIуэхэм я ныбжьэгъуэхэр къыхураджащ хьэл мыхъумыщIэхэм, я узыншагъэм зэрэн хуэхъуэм зыщIддзеину.

Iуэхур щекIуэкIым къыхагъэщащ илъэс зыбжанэ хъуауэ «Дэ наркотикхэм дрибийщ» социальнэ проектыр ехъулIэныгъэ иIэу школым зэрыщыпхагъэкIыр. А Iуэхум и мурадыр школакIуэхэм гъащIэ узыншэ фIихьэ, - жиIащ КЪБР-м щыIэ МВД-м и Наркотикхэр зэрызэрагъэкIуэм КЪБР-м и щыIэ администрацэм Егъэджэныгъэмкlэ и департаментым и лэжьакIуэ Теммоевэ Фаризэт.

Дохутыр-нарколог Нагорная Татьянэ къызэхуэсахэр зэпкърыхауэ щыгъуазэ ищIащ наркотикхэкIхэмрэ акъылыр зыгъэутхъуэ пкъыгъуэхэмрэ, тутыныр щIыхум и Iэпкъльэпкъым зэранышхуэ зэрыхуэхъум.

ЗэIущIэм хэтахэм школакIуэхэмрэ абыхэм я егъэджакIуэхэмрэ я упщIэхэм жэуапхэр ираташ икIи «Наркотикхэр щремыIэ» кьыхуеджэныгъэр къызытещ тхылъымпIэр яIыгъыу сурэт зытрагъэхащ.

ДЫГУЛЫБГъУ Жантинэ.

Къуэшырокъуэр ящыгъупщэркъым

● Фэеплъ

Налшык кьалэм дэт курыт еджапIэ №7-м щекIуэкIащ пасэу дунейм ехыжа, республикэ МВД-м и УНК-м и «Гром» гуп хэхам и командиру щыта, полицэм и полковник Къуэшырокъуэ Владислав и фэеплъ зэхьхьэ. Фигу къэдгъэкIыжьащи, абы и цIэр фIащащ полицэм и кадет зэщIэхъееныгъэм.

ФЭЕПЛЪ Iэхъум хэтащ къэрал кIуэцI Iуэхуэжьмкlэ министру Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и къуэдзэ, полицэм и подполковникхэу Мамхэгъ Назиррэ Бахъуэ Аслъэнрэ, юстицэм и полковник Попов Олег, Налшык кьалэм дэт курыт еджапIэ №7-м и унафэщI Хьарзынэ Заур, КЪБР-м щыIэ МВД-м дэлажьэ Жылагъуэ советым и тхьэмадэ Мэкъушэ Руслан, республикэ ОВД-м и ветеранхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ Пыхъ МуIэед, Къуэшырокъуэ Владислав и Iыхьлыхэр, абы къыдэлэжьахэр.

ЗэIущIэр къызэIуахащ Урысей Федерацэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ я къэрал ныпхэр яIэту.

Мамхэгъ Назир къызэхуэсахэм защыхуигъаззэм къыхигъащIащ Къуэшырокъуэ Владислав и лэжьэгъуэхэм я деж пщIэ щиIэу, Хэкум папщIэ и гъащIэр итыну хьэзыру зэрыщытар.

- Ди дежкIэ гуаузшхуэщ ар къызэрытхэмытыжыр, ауэ дрогушхуэ абы и гъащIэмрэ и къулыкъур зэрырихьэкIамрэ. Ар псэуащ и дзэпыкъуныгъэ хуэныкъуэхэм къащхьэщыжу. Ди лэжьэгъу зауэлI, хэкупсэ нэсым и къекIуэлыкIар, абы бгъэдэлъа зэфIэкIыр гъуазэ яхуохьу хабзэхъумэ ныбжьыщIэхэм, - къыхигъащIащ Мамхэгъ Назир.

Хьарзынэ Заур кадетхэр къыхуриджащ Къуэшырокъуэм и фэеплъыр сыт щыгъуи я гум щахъумэну.

Адэкlэ Къуэшырокъуэ Владислав Борис и къуэм и гъащIэм тепсэлъыхьащ полицэм и кадет классым щеджэхэр. ШколакIуэхэр кьеджащ Владислав и анэ Абдулаевэ Розэ абы фэеплъ хуищIа «Си куэ» усэм.

Розэ Iуэхум и къызэрэпащIэкIуэхэм фIыщIэ яхуищIащ икIи кадетхэр республикэм и цIыху нэс хъуну кьыхуриджащ.

- Зэи фымыгъэпуд фи пщIэмрэ щIыхьымрэ, хабзэ зыхэль цIыхуу фыщыт. ГъащIэм тыгъэ кьыфхуищIа фыригъэхэр вгъэльапIэ, - къыхигъэщащ Абдулаевэ Розэ.

Полицэм и кадет классым щеджэ Балэ Аделинэ зэIущIэм и кIэухыу игъэзэщIащ «Верните память» уэрэдыр.

Къуэшырокъуэ Владислав и фэеплъу школакIуэхэм шар хужьхэр уэгум ирагъэтIупщхьащ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Редактор нэхъыщIэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

ЖъэкIэмыхъу Маринэ *(унафэщI-редактор)*, **Ширдий Маринэ** *(унафэщI-редактор)*, **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, Нэщэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщ1 Изэ.**

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхуэхэмкlэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хьыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-60-53, 42-22-89; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттехэм - 42-75-78, 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэныжьмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ1апIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КЪБР, Налшык кьалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.617
Заказыр №2236

12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъыжIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтекхуэ зэпыту щыткIыж.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэльщ КЪБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕлЭжьАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Марьянэ,** *корректорхэу* **Щоджэн Иннэ** *(1, 4-нэ нап.)*, **Елмэс ФатIимэ** *(2, 3-нэ нап.)*.

Компьютеркlэ газетым и теплъэр ящIащ **Мэлбахьуэ Анжелэ, Щомахуэ Марианнэ.**

Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу кьалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рэ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ кьыдокI.